ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№116 (21.524) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жылагъуэ шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщыным топсэлъыхь

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм еБэныжьмкІэ и щыналъэ комиссэмрэ Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ я зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм щыпсэуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным пыщІа зи чэзу кьалэнхэм икІи хуэфэщэн унафэхэр кьащтащ.

АПХУЭДЭУИ зэІущІэм и гугъу щащІащ Эльбрус жылагъуэм щыІэ социально-экономикэ щытыкІэм икІи зэфІэгъэкІын хуей Іуэхуэхэм ятеухуа пщІэрылъхэр зыхуэфащэхэм яхуищІащ. Псалъэм папщІэ, «Іуащхьэмахуэ льапэ» лъэпкъ парк» къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Шипов Владимирэ Эльбрус жылагъуэм и унафэщІ Курданов Узсиррэ хуагъэуващ мэзыр хабзэншэу иремыгъэупщІыкІыным хуэунэтІауэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыну. Абы кьыдэкІуэу, Іуащхьэмахуэ куеймрэ (Соттаев Къурмэн) Эльбрус жылагъуэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм кьалэн щащІащ КъБР-м и Президентымрэ Эльбрус жылагъуэм щыпсэуэхэмрэ «Іуащхьэмахуэтурист», «Іуащхьэмахуэ льапэ и кІапсэ гъуэгухэр» ОАО-хэм я лэжьакІуэхэмрэ я зэІущІэр кьызэрагъэпэщыну.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Ярин Андрей Іуащхьэмахуэ льапэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэуэжьыным теухуа едэІуэныгъэхэр иригъэкІуэкІыну и пщэ ирагъэхьащ. КъБР-м и Правительствэм, Іуащхьэмахуэ куеймрэ Эльбрус кьуажэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм зыгъэуващ мэзыр хабзэншэу иремыгъэупщІыкІыным хуэунэтІауэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыну. Абы кьыдэкІуэу, Іуащхьэмахуэ куеймрэ (Соттаев Къурмэн) Эльбрус жылагъуэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм кьалэн щащІащ КъБР-м и Президентымрэ Эльбрус жылагъуэм щыпсэуэхэмрэ «Іуащхьэмахуэтурист», «Іуащхьэмахуэ льапэ и кІапсэ гъуэгухэр» ОАО-хэм я лэжьакІуэхэмрэ я зэІущІэр кьызэрагъэпэщыну.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Ярин Андрей Іуащхьэмахуэ льапэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэуэжьыным теухуа едэІуэныгъэхэр иригъэкІуэкІыну и пщэ ирагъэхьащ. КъБР-м и Правительствэм, Іуащхьэмахуэ куеймрэ Эльбрус кьуажэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм гу лърагъэтащ кризисым пэщІэтыным, социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ кьуэ кьалэнхэр зэфІэгъэкІыным теухуауэ республикэм и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІыхубэм ягурыгъэІуэным нэхь егугъун зэрыхуейм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Юстицэм еТІуанэ класс зиІэ и къэрал чэнджэщэгъу Жариков Олег

Урысей Федерацэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м кьыдигъэкІа «Урысей Федерацэм и прокуратурэм и органхэм я лэжьакІуэхэм класс чинхэр афІэщыным и Іуэхущ1э» Указым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жариков Олег Олег и къуэм юстицэм еТІуанэ класс зиІэ и къэрал чэнджэщакІуэ чиныр къыхуигъэфэщащ.

ЖАРИКОВ Олег 1971 гъэм мазаем и 12-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэщ - Свердловск дэт юридическэ институтыр къыуващ. Республикэм и прокуратурэм и органхэм 1993 гъэ лъандэрэ щолажьэ. Май районым и прокурорым и дэІэпыкъуэгъуэ, а прокуратурэм и следователу. КъБР-м и прокуратурэм Следствэмкіэ и управленэм мыхьэнэхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэхэгъэкІыныжьмкІэ и кьудамэм и следователь нэхъыжьу, Налшык къалэ прокурорым и къуэдзэу, иужьым и ящэ къуэдзэу, КъБР-м и прокурорым и къуэдзэу щытащ, 2007 гъэм и мэкъуауэгъуэм щыщІэдзауэ КъБР-м и прокурорщ.

Унагъэщ. зы къуэрэ зыпхъурэ иІэщ.

Урысей Федерацэм и прокуратурэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиІэ и юристщ.

ТЭН Мурат.

«Зи пІалъэр икІа псэупІэ фондым щІэсхэр 2009 гъэм КъБР-м зэрыщагъэІапхъуэнур» республикэ программэр гъэзэщІаным сом мелард 53-рэ мелуан 470-рэ хухахыщ. Абы теухуа унафэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и зэІущІэм къыщащтащ.

ПРОГРАММЭМ хэтщ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Май, Іуащхьэмахуэ районхэр, Прохладнэ кьалэ округыр, Нарткъалэрэ Анзорей къуажэмрэ. Зи гугъу тщІы муниципальнэ щІыналъэхэм щыІэщ ирахын хуейуэ къаІыта фэтэр куэд хъунэ кхъахэу 40. ПсэупІэу метр зэбгъуэзэнатІэ 3246,05-рэ зыубыд унэ 11-м щІэсхэм мы гъэм кьыщІатхьэкІыну я мурадщ.

Программэр гъэзэщІэным хухахыну мылъкум и нэхъыбэр - сом мелард 50-рэ мелуан 347-рэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр дэІыгъынымкІэ Фондым щрыщІ. Сом меларди 3-рэ мелуани 123-р республикэ бюджетым кьыхэкІынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●КъБР-м и Правительствэм

УнэщІэхэм ягъэІэпхъуэ

●Хъыбар гуапэхэр

Мэжджыхь Эдуард Бухарест щытокІуэ

Мэкъуауэгъуэм и 15-22-м Румынием щекІуэкІа ильэс 20 мыхъуахэм атлетикэ хьэлъэмкІэ я дунейпсо чемпионатым текІуэныгъэр кьыщихьащ Урысей Федерацэм и ныбжьыщІэ командэ кьыхэхам хэту абы зыкьыщызыгъэлъэгъуэ Мэжджыхь Эдуард.

КИЛОГРАММИ 105-м нэс зи хьэлъагъэм я бжес спортымкІэ дунейпсо классым и мастер ди лъахэгъу щІалэм кьыпэхьун Румынием щыІакъым. Ар рывокымкІи толчокымкІи и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІащ икІи зыми шэч кьытримыгъэхьэу пашэныгъэр иубыдащ. ЖыпІэну урикьунщ, Мэжджыхьым и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ Украинэм кьикІа Тагиров Сергей адыгэ щІалэм килограмм 21-кІэ кьызэрыкІэрыхуар. Тренер щІэрыІуэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд и гъэсэным псори зэхэту килограмм 395-рэ кьиІэтащ (рывокым кг 175-рэ, толчокым кг 220-рэ), еТІуанэ хьуа украин щІалэм хутечар килограмм 374-рэщ (173+201).

Мэжджыхь Эдуард кьищынэмыщІа, мы дунейпсо зэпеуэм Урысей Федерацэм дыщэ медаль кьыщыхуэзыхьыфар Иванов Александр и закъуэщ. Абы ипкъ иткІэ, ди кьэралым и командэ кьыхэхам зэхьэзэхуэм еТІуанэ зэвыпІэр щиубыдащ, хьэлъагъэщым щекІуэкІа Іэпеуэхэм щытекІуа Китайм и штанги стхэм пашэныгъэр иригъэхьри.

Зэхьэзэхуэр нуха нужькІэ, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Сырцов Сергей «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд текІуэныгъэкІэ кьепсалъэри и кьуэшым и гъэсэным и текІуэныгъэмкІэ кьехуэхуэауэ икІи Мэжджыхь Эдуард хуэдэ щІалэ бланэ, зэчий ин, нэмыс гъагъэ зыбгъэдэль кьызыщІэкІа Зенкоу зыуажэм дяпэкІи зиуэщІыну, екъуІэныгъэрэ дэрэжэгъуэрэ и куэдыну эрэгуапэр жиІащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Джэданэ Алим Дунейпсо кубокыр къехь

Мы махуэхэм Италием щекІуэкІащ дюдомкІэ Дунейпсо кубокыр къэхьыным екъуІа зэхьэзэхуэр. Абы кьрихьлІащ нужьрей ильэсхэм дуней псом, зыщыщ къэралхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэр щызыубыда спортсмен нэхъ лъэрыгъэхьэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту Дунейпсо кубокым щІэбэнащ 2008 гъэм Пекин щекІуэкІа Олимп Джэгуакъэм хэта ди лъэпкъэгъу Джэданэ Алим. Килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэм я гупым щригъэкІуэкІа зэІущІитхуми текІуэныгъэ къыщихьри, абы пашэныгъэр щыубыдащ.

Джэданэ Алим зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ и къуэш нэхъыжь Залым.

МЭЗКУУ Кьанщобий.

●Аруан куей

Псы Іуфэхэр ягъэбыдэ

СТАРЭ Шэрэдж, Шэрэдж Ипщэ, Псынабэ, Псыкуэд кьуажэхэм дэхэм нужьрей ильэсхэм ильэгъуащ Шэрэджбыпсыр кьнымэ унэхэми, хадэхэми, губгъуэм ит кьэкІыгъэхэми зэран зэрахуэхьуар зыхуэдизыр. Псы Іуфэхэр зэрагъэбыдэнум текІуэдэну мылъкур нэгъабэ и чэзум кьызэрамыутІыпщам кьыхэхІыу, псыр нэхъ уэр хьуа нэужьщ абы и Іуфэхэм елэжьынк щыщІадзар. Ардыдэр мы ильэс дыдзэрытми кьащыщІащ.

КъБР-м Дыкьэзыухъурееихь дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр кьэгъэсэбэпынымкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа тендерым «Водник» ООО-м къихьри, Шэрэдж Ипщэ деж метр 3200-рэ и кІыхьагъыу Шэрэдж псы Іуфэр ягъэбыдэн щыщІадзащ накъыгъэм нкухэм. А зэманым псыр нэхъ уэр зэрыхъум кьыхэкІыу техникэ хьэтхэр тэмэму лэжьэфакъым.

МЧС-м Аруан куейм щиІэ къудамэм и унафэщІ Мэзыхьэ Іэуесбий мыращ жиІэр Іуэхуэм псы Іуфэр ягъэбыдэн щыщІадзащ накъыгъэм нкухэм. А зэманым псыр нэхъ уэр зэрыхъум кьыхэкІыу техникэ хьэтхэр тэмэму лэжьэфакъым.

МЧС-м Аруан куейм щиІэ къудамэм и унафэщІ Мэзыхьэ Іэуесбий мыращ жиІэр Іуэхуэм псы Іуфэр ягъэбыдэн щыщІадзащ накъыгъэм нкухэм. А зэманым псыр нэхъ уэр зэрыхъум кьыхэкІыу техникэ хьэтхэр тэмэму лэжьэфакъым.

- Куейми республикэми абы хуХахьи мылъку зэрамыІэм кьыхэкІыу, лэжьыгъэм текІуэдэнур федерал бюджетращ кьыздикІыр. Ар и чэзуэ кьаІэрыхьэрыкъыми, а лэжьыгъэр мэгуфэ. Хабзэм ипкъ иткІэ, тендер ирагъэкІуэкІми зэманыншхуэ ехь.

Мы зэманым «Водник» ООО-м Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм псы Іуфэхэр щагъэбыдэ Псынабэ и Іэгъуэблагъэхэм. Лэжьыгъэм и нэІэ тетщ Аруан куей администрацэм.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ПІуТІэ.

●Дзэлыкъуэ куей

ЗэуІуу къызэрагъэпэщ

Федерал, республикэ программа хэхахэм япкъ иткІэ, автомобиль гъуэгуэр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжыным, егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ Дзэлыкъуэ куейм мы гъэм лэжьыгъэпхуэ щызэфІагъэкІыну къапэщылъщ.

ФИНАНС кризисым и зэранкІэ проект щхьэхуэхэм хуХаха ахъшэр хэпщІыкІыу ягъэмэщІами, а Іуэхур зэуІуу къызэрагъэпэщ. Къапщтэмэ, ДЭУ-4-нэм Малкэ - Ингушы автомобиль гъуэгур реконструкцэ ещІ. Малкэ къуажэкІэм щегъэжьауэ Сэрмакъ и дыхьэпІэм нэсыху, а лэжьыгъэр щызэфІагъэкІынущ. Апхуэдэу Зольскэ станицэмрэ Белокаменскэрэ зэпызыщІэ километр 4,6-р щІадзауэ кьызыкъуэтыншэу зэрагъэпэщщыж.

Зэраубзыхуам тету, жылагъуэхэм щыІэ гъуэгу кьиудахэмрэ кумбІэмбэхэмрэ щагъэбыдэжьынущ.

БАЦЭ ФатІимэ.

●Фэепльъ

Я гум къагъэкІыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыІэ Щ1ыхьым и МафІэ мыужьыхьыжьым деж щызэхэтащ Хэку зауэшхуэм щыщІидза махуэм теухуа пэкІу.

ХЭКІУЭДА лыхъужьхэм я фэепльыр ягъэпэпІэну, ветеранхэм пщІэ хуащІыну зэхуэсат Налшык къалэ администрацэмрэ щыпІэ самоуправленэмкІэ Советымрэ я лІыкІуэхэр, еджакІуэхэр, къалэдэсхэр.

Пэкіур къызэІуихащ ветеранхэм я Налшык къалэ Зэгухьэныгъэм и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа.

- Нобэ мыбдеж дыщызэхуэсащ а зауэ гущІэгъуншэр, абы ихьа щыху ягъэкІ, фронтым зи псэр щызыта-хэр аргуэру зэ дигу кьэдгъэкІыжыну, апхуэдэу нобэ тхуэпсэу ветеранхэм фызщІэ псалъэхэр яжетэну. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІуэтэху ахэр нэхъ мащІэ мэхъу. Зауэм и ветерану нобэ кьалэм дэсыжьыр 600-м зэрыщІигъу щыІэкъым. Дэ ди кьалэнщ абыхэм хуэфащэ гулыпІэ яхуэтщІыну, икІи я гъащІэм кьыпедгъэщэн щхьэкІэ махуэ, сыхьэт къэс датемыпІпэкъуКІыу ди нэІэ ядеттгъэтыну, - кьыхигъэщащ Абдуллаевым.

Зэхуэсахэм я кьэпсэльэныгъэм и ужькІэ хэкІуэдахэмрэ дунейм ехьажа Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ я фэепльым дакъикъкІэ хуэщІыгъуащ, нужькІэ мемориалым удз гъэгъахэр трапъхьащ.

- Мэкъуауэгъуэм и 22-р ди кьэралым и тхыдэм хьыхащ зихуэдэ щымыІэ нэхъ махуэ щынагъуэ дыдэу. ІкІи ди нобэрей мамыр псэуКІэр зи фІыщІэр ветеранхэрщ. Ахэр я псэ еблэжакъым я бынхэмрэ абыхэм кьалъхужахэмрэ я щхьэхуитныныгъэр яхьумэн папщІэ. Абы щхьэкІэ фІыщІэшхуэ яхудощ, ди щхьэри лъахъшэу яхудогъэщхь, - жиІащ щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Портэ Галинэ.

Пэкіу нэужьым ветеранхэр куэдрэ епсэльащ я гъэсакІуэхэм я гъусэу кьэкІуа еджакІуэхэм. Зауэр зи нэгу щІэкІахэм кьаІуэтэжхэм ди кьэралыр пСэЗэпыльтхьэпІэм щита лъхьэнэ хьэлъэр зы мащІэкІи пщигъэгъупщІэкъым, Хэкур фІыуэ яльаГъуэ ящІэ хуащІу щІэбгъэр кьегъэтэдж.

КУБАДИЕВЭ Нуржан,

Налшык къалэ

администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.



ЩІэпхъаджащІэхэр хьиЙм йокІ

Ингуш Республикэм и президенту Евкуров Юнус-Бек зэрылажьэр ильэс прикъуакъым. А къулыкъур абы кьалэн зэрыщащІэр куэд хуэзфІэкІащ республикэм щІэнхьаджагъэр щыгъэмащІэным теухуауэ.

Ар зигу темыхуэхэм дыгъуасэ щІэпхъаджагъэ ин ялэжьащ - лэжьакІуэ здэкІуэм Евкуровыр зэрыса машинэр кьагъауэри, и офферыр иукІащ, и куэшыр зыхэт хъужакІуэ гупри сыри уІэгъэ хьэлъэ хьуащ. Президентыр Москва дэт сымаджэщхэм ящыщ зыш МЧС-м и кхъухьльатэмкІэ нагъэсащ.

Аргуэру хоплъэж

Ираным и унафэщІхэм хуит кьащІыжащ президент къулыкъур зэрыхъу зэрыхъу щыта Рафсанджани и Іыхьлыхэр.

И лъэс 46-рэ зи ныбжь Фаезрэ (Рафсанджани и пхъур) а лъэпкъым щыщ щІыхуи 4-рэ блэкІа хэхьныгъэхэмкІэ мыарэзыгъэ пэкІуэхэр къызэрызэрагъэпэщам къыхэкІыу тхьэмахуэ махуэм хабзэхьумэхэм яубыдат.

Къэралым и щІыхуэхэр зэпэщІэзыгъэува хэхьныгъэм хэтахэм я проценти 10-м Іэ зыхуаІэтар дыгъуасэ щІэрыщІэу кьабжьащ. Дауи, куэдым къагуроІэ, зыгуэр къыщІэщыжми, хэхьныгъэм кърикІуам абы хилъхьажьыр зэрымащІэр.

Хамэ унафэм щІэтыжкъым

Гренландием щыпсэухэм я гуфІэгъэуэш - ар Данием и унафэ щІэмытыж къэралыгъуэ щхьэхуэ хъуащ. А Іуэхур кърикІуэкІ къэрал щхьэхуит хъуным теухуауэ нэгъабэ ирагъэкІуэкІа референдумым.

Гренландием и кьалащхьэ Нуку вэсэмахуэ щекІуэкІа махуэшхуэм кърихьэлІащ Данием и пащтыхь гуащэ Маргарет ЕТІуанэмрэ абы и щхьэгъэсэмрэ.

ДапэкІэ Гренландием есым зэрыхуейуэ кьыпсэсэбэпынущ щІыдагъэ кьыщыщІащ, минерал зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщыщІах и щІыпІэхэр. Апхуэдэу гренландыбзэр къэралыбзэу ягъэуващ. Гренландием и къэрал щІыб политикэ Іуэхуэхэмрэ зыхьымэжьныгъэмрэ Данием зэкІэ кьыхуэнащ.

НОБЭ

♦Олимп Джэгуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦ООН-м и къэрал къулыкъу гъэзэщІэным и махуэщ. 2002 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

♦ Мэкъуауэгъуэм и 23-24-хэм Вен (Австрие) щекІуэкІынущ ОБСЕ-м и зэІущІэ.

♦ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, КъБР-м и Къэрал сагъэтым и лауреат **КІэмыргуей Валентин** кьащІалъуа махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 25-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 51-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 27-рэ.**

Псэмэхэр зыгъэхьэзырар **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэт.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи жагъуэгъуэм уи псэр ептми, уи щэху иумыт.

●«Адыгэ псалъэр» къыхьызох

Ныбжьэгъу пэж

ИЛЪЭС КУЭД щІауэ ди «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетыр кьысІэрохьэ. Сыт хуэдэ зэманри ар щІыхуэм зэрахуэщхьэпэр, зэраІэпэгъуэ зымащІэкІи зыщызгъэгъупщэркъым. Сабийхэр хуабжьу дехьэх таурыхьэм, псысэхэм, кьебжькІ щыкІуэм, псалъэхьэм, изгъуэщІ гъэщІэгъуэн куэдми ятеуха «ЩыкІуаш», «ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ» папжкІуэщІхэм. Къэралымрэ республикэмрэ я мызакъуэу, нэгъэщІ щІыпІэхэми кьыщыхьу-кьыщыщІэхэм, щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм щЭмычэу дыхеГъэгъуаэз. Абыхэм кьыщынэмыщІауэ мэкъумэшым, щІэныгъэм, щэнхабзэм, ислъам диным, спортым тепсэлъыхь хьыбархэмкІэ, нэгъуэщІ тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ газетыр кьулейр. Редакцэм и лэжьакІуэхэр зэрегупчэ зыхэпщІэу, дэтхэнэ кьыдэкІыгъуэри щІэщыгъуэщ. Аращ махуэ кьэс сфІэфІу «Адыгэ псалъэм» сыщІэдлежьэр.

Зы кьыдэкІыгъуэм адрейр кІэльызгъэпІащІэу тхыгъэ купщІафІэхэмрэ хьыбарыщІэхэмрэ зызогъэтІылъэкІ. Унэгуащэхэм папщІэ абы щІэх-щІэхыуэр кьытехуэ чэнджэщ щхьэпэхэр сыт и уасэ!

КІэщІу жьыСЭнщи, ильэс куэд хьауауэ «Адыгэ псалъэр» ныбжьэгъу пэжу кьыздокІуэкІ. Ар кьыщысхуэмыкІуэ кьэхьумэ, си унагъуэм исхэм ящыщ гуэр кьэту кьысфІощІ. СыдэрепльымкІэ, ар кьыщыІэрымыхьэ, абы смыдзэ адыгэм кьыгъэтхын хуейкъым. Си гуапэщ льапэкъ Іуэхуэр япэ иригъэщу, пэжыр и Іуаэзэу льэ быдэкІэ гъашІэм дэбакъуэ «Адыгэ псалъэ» газетыр нэхьри ефІэкІуэну, ар зыгъэхьэзыр, кьыдэзыгъэкІ гуп зэкъуэтым и мурадхэм кьахуэзпищэну.

МЭЗЫХЬЭ Дин.

Щхьэлыкъуэ къуажэ.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдыкІакІуэ льапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2009 гъэм и епІуанэ итес ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэнэр зэриужьыр.

Ильэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпЕйкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щІелдзэ хъунущ республикэм и пащтыхьхэм ТуэхущІапІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Анэхэм сом мин пщІырыпщІ

КЪРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС *Хьэбзэ районым сабий къэзыдыхуа анэ 87-м сом мин пщІырыпщІ иджыблагъэ ираташ. Хабзэ зэрыхъуауэ, апхуэдэ Іуэхуэхэр езыгъэІуэкІар куейм и унафэщІ Арэщыкъуэ Рауф и щІэкІэ щыІэ псапащІэ фондырщ.*

АНЭХЭР ахъшэкІэ ягъэпэжа нэужь, иджырей медицинэ ІэмэпсымэхэкІэ зэгъэпэщауэ иджыблагъэ куейм щаухуа сымаджэщыр щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэмрэ журналистхэмрэ кьапдыхьащ.

Ипотекэ кредитыр ятын щагъэтакъым

АДЫГЕЙ. *2009 гъэм и щІышылэ-накъыгъэм къриубыдэу республикэм ипотекэ кредиту 112-рэ итащ, ахъшэу сом мелуани 121,38-рэ хуэзэу.*

РЕСПУБЛИКЭМ УхуэныгъэмкІэ, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, накъыгъэ мазэм кьриубыдэу ипотекэ кредиту 33-рэ ятащ, сом мелуан 31,7-рэ нэблагъэ хуэзэу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхыныгъэ сакъылэт ямытыжыну зэрагъэувам екъэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки1» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхыныгъэ сакъылэт ямытыжыну зэрагъэувам екъэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки1» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и дэж егъэувын Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгъуэзэ щIэщIэжьауэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№78-П-П

Хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ хэхыныгъэ сакъылэт ямытыжыну зэрагъэувам екъэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки1

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщIэщ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м

1 статья. «ЩIыпIэ самоуправлензэм и лIыкIуэ органхэм я депутатхэр зэрыхахым и Iуэхуки1» 2003 гъэм щыщхьэIум и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №74-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 26 статьям хэт «е хэхыныгъэ сакъылэт халъхьэ» псалъэхэр хэгъэкIын.

2. 29 статьям:

1) Iыхьэ 1-м хэт «е хэхыныгъэ сакъылэт щатам деж,» псалъэхэр хэгъэкIын;

2) Iыхьэхэр 8-15-хэм къару ямыIэжу къэлъытэн;

3) Iыхьэ 16-м «хэхыныгъэ сакъылэтыр тынымрэ» псалъэхэр хэгъэкIын;

4) Iыхьэ 21-м и пункт 13-мрэ Iыхьэ 21-1-м и пункт 13-мрэ къару ямыIэжу къэлъытэн.

3. 47 статьям и Iыхьэ 3-м и пункт 4-м къару имыIэжу къэлъытэн.

4. 49 статьям и Iыхьэ 3-м и пункт 4-м къару имыIэжу къэлъытэн.

5. 50 статьям и Iыхьэ 5-м и пункт 8-м къару имыIэжу къэлъытэн.

2 статья. «Муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэр зэрыхахым и Iуэхуки1» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №54-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 23 статьям «е хэхыныгъэ сакъылэт халъхьэ» псалъэхэр хэгъэкIын;

2. 26 статьям:

1) псалъащхьэм «хэхыныгъэ сакъылэт тыныр» псалъэхэр хэгъэкIын;

2) Iыхьэ 1-м «е халъхьа хэхыныгъэ сакъылэтыр,» псалъэхэр хэгъэкIын;

3) Iыхьэхэу 5-мрэ 6-мрэ къару ямыIэжу къэлъытэн;

4) Iыхьэ 7-м «хэхыныгъэ сакъылэт тыныр» псалъэхэр хэгъэкIын.

3. 27 статьям:

1) Iыхьэ 1-м «е кандидатым хэхыныгъэ сакъылэт зэриттыр хъэзыгъэлъагъуэ хъыбару документкIэ щIэгъэбыдэжар комиссэм кьыIэрыхьамэ,» псалъэхэр хэгъэкIын.

2) Iыхьэ 4-м къару ямыIэжу къэлъытэн;

3) Iыхьэ 5-м и пункт 12-м къару ямыIэжу къэлъытэн.

4. 45 статьям и Iыхьэ 5-м и пункт 4-м къару ямыIэжу къэлъытэн.

5. 47 статьям къару ямыIэжу къэлъытэн.

6. 50 статьям и Iыхьэ 3-м и пункт 4-м къару имыIэжу къэлъытэн.

7. 51 статьям и Iыхьэ 5-м и пункт 8-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3 статья. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iуэхуки1» 2008 гъэм щыщхьэIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 32 статьям:

1) Iыхьэ 1-м и пункт 4-м къару имыIэжу къэлъытэн;

2) Iыхьэ 2-м «мы статьям и Iыхьэ 3-м къыщыгъэлъагъуэ Iуэхухэм фIэкI къэмынэу» псалъэхэр хэгъэкIын;

3) Iыхьэхэу 3-мрэ 4-мрэ къару ямыIэжу къэлъытэн;

4) Iыхьэ 5-м «хэхыныгъэ сакъылэтыр тыныр» псалъэхэр хэгъэкIын.

2. 34 статьям и Iыхьэ 5-м и пункт 13-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3. 55 статьям къару имыIэжу къэлъытэн.

4. 56 статьям:

1) Iыхьэ 3-м и пункт 4-м къару имыIэжу къэлъытэн;

2) Iыхьэ 11-м «(хэхыныгъэ сакъылэт хэхакIуэ зэгухэныгъэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм абы хэхыныгъэ сакъылэтыр къыщыхуигъэхьыжам нэхъ мынэхъ пасэуу» псалъэхэр хэгъэкIын.

5. 58 статьям и Iыхьэ 3-м и пункт 3-м къару имыIэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент ЧЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м
№230-РЗ

Мы сурэтыр щытрахар Приштинэ къалэрщ (Югославие). Махуэ бжыгъэ дэкIмэ, косовэ адыгэхэр Адыгейм къэлэпхъуэжыныщ. ИджыпстукIэ щыIэ Iуэху зэйумыбзхэр жубзыкъ Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Жэмыкъ Бэзэнирэ Урысейм къэкъуакъщIэ шынагъэуэхэр зэрыкъуныумкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ генерал-лейтенант Дзыбэ Мусэрэ. *1999 гъэ*

КъБР-м икIа гупым Ут Плъыжьым фэеплъ сурэт щытрахащ. ИжьыкIэ къыщыщIэдзауэ: Дзэмыхь Къасболэт, Маслов Николай, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Беппаев Суфян, Чеченов Ануар, Сорокин Виктор. *Москва, мэкъуауэгъуэм и 16.*

● Iуэху щхьэпэ

ЗэщIэгъэстакIуэхэм я мурад къехъулIэнукъым

Ди газетым зэрыстатщи (17.06.09), УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Сурков Владислав мэкъуауэгъуэм и 16-м Кремлым щIэуIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм. Къэрал унафэщIхэм ди республикэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэр зэхагъэкIын папщIэ къызэрагъэпэщат а зэIущIэр.

Абы хэтащ УФ-м и Президентым къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и унафэщI Говорун Олег, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт, балъкъэр лъэпкъым и «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ Беппаев Суфян, «КъБР-м и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Совет» ассоциацэм и унафэщI Маслов Николай, «Зыуэ щыт Урысей» партым и приемэу Палшык дэтым и тхьэмадэ Сорокин Виктор.

Зэ1ущIэр зэрепIуэкIам, абы къыщаIэта Iуэхугъуэхэм тедгъэпсэтхыхьыжыну дэ зыхуэдгъэзащ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.

- СЫХЬЭТРЭ ныкъуэкIэ екIуэкIа зэIущIэм дыщытепсэльыхьащ КъБР-м щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм, щы Iуэхум т еухуа хабзэ хэр гъэзэщIа зэрыхъум, республикэм иукI хъыбар зэ хуэмыдэхэм я пэжыпIэм, - къыщIидзащ псалъэмакъыр Хьэфыщ1э Мухьэмэд. - Мыбдеж кьыхъгъэщыпхъэщ. Сурков Владислав и лъэпкIэ КъБР-м и Президентыр зэIущIэм зэрыхэтар. УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм кьыджинащ «республикэм щытыкIэр зэрыщыIэщIэпльэм, лъэпкъ зэхэтэжь зэращIым» теухуа тхьэусыхафэ тхыгъэ куэд кьаззрыIэрыхьар икIи абыхэм зыгъэ ящ1э ахуэжьр езыхэм зэхагъэкIыну я кьалъэ зэрыщытыр. Я1эу псалъэ зрата Къанокъуэ Арсен кIэщIу кьингъэлъэгъуащ нобэ республикэм и Iуэху зыIутыр. АдэкIэ утыкур хуит зыхуащIа дэтхэнэми и кIэнсхъэныгъэм кьыхэщащ апхуэдэ тхыгъэкIэ зэрыпытабжьэшIэр, аэр кьызыбгъэдэкIыр властыр зыIэрызыгъэхьэну хуейхэрауэ зэрыщытыр. Абыхэм ягу техуэркъым нобэ Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрыр иритхэрыкIуэн папщIэ илъэкI Iуэхугъуэфлхэр. Зи чэзу президент хэхыныгъэхэм дынэсы ным къэнэжар зы илъэсрэ мазэ бжыгъэщи, властыр зыIэрызыгъэхьэну хуейхэм бэнэныгъэр ткIийуэ зэхахублащ.

Республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыми жиIэфынчэ нобэ ди щыналъэм щекIуэкI зэIущIэныгъэхэр зыхуэдэр: кьалащхьэр кIуэ пэтми нэхъ дахэ, екIу мэхъу, ухуэныгъэщIэхэр мымащIэу дащIых, школьщхьэр ящхуэ, кьуажэ закъуэтIакъуэхэщ спортым зыщыхуагъасэ Iуэхущ1апIэхэр кьыщыззIуамыхуэ кьэнар. Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен сыт щыгъуи тхьэмыщIэкIэхэм, дэхуэхахэм зэрыхъукIэ защIегъакIуэ. Къэтщэнщи, 2005 гъэм ди псэукIэм тещыхьащ УФ-м и хэтыгъуэхэм я деж 88-нэ увыпIэр щытIыгъуу арат. ИлъэситIым кьриубыдэу ттелъ щIыхуэм и зыхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр дыпшыныжри, 44-нэ увыпIэр дубыдащ. Абы кьинтэлъатыкуэкIэ КъБР-м псэукIэр зэрыщеф1акIуэр?!

Иджыпсту адыгэхэм кьыдащIыпIа бэнэныгъэм сигу кьегъэкIыж «Адрыщым ныкъэкIэ зыи, мыдрыщыр кьуатынщ» псалъэжьыр. Къэпсэтьахэми кьыдэрызыгъэхьэну хуейхэрауэ зэрыщытыр. Абыхэм ягу техуэркъым нобэ Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрыр иритхэрыкIуэн папщIэ илъэкI Iуэхугъуэфлхэр. Зи чэзу президент хэхыныгъэхэм дынэсы ным къэнэжар зы илъэсрэ мазэ бжыгъэщи, властыр зыIэрызыгъэхьэну хуейхэм бэнэныгъэр ткIийуэ зэхахублащ.

Республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыми жиIэфынчэ нобэ ди щыналъэм щекIуэкI зэIущIэныгъэхэр зыхуэдэр: кьалащхьэр кIуэ пэтми нэхъ дахэ, екIу мэхъу, ухуэныгъэщIэхэр мымащIэу дащIых, школьщхьэр ящхуэ, кьуажэ закъуэтIакъуэхэщ спортым зыщыхуагъасэ Iуэхущ1ап

• Абы дегъэпІейтей

Тхакіухэм я зэкІуцІэм щыжьмыІэфахэр

Хъэкіуащэ Андрей.

Ирахьэкі-ягъэкіуатэуэрэ, щыізэхуэсри хуея пІальэм мазэ зыбжанэкІэ благъэкІауэ, ныдэ кІуам и кІэух дыдэм къэбзэрей-балькъэр ткакІуэхэм я епщыкІуцІэр зэІуцІэр икІэм-нкІэжьм. екІуэкІащ. Куэдым яфІэмыгъэрулы а бжыгъэм и зэран хэлъми дэ тщІэркъым, ауэ ди щхьэкІэ гукъинэж тщыхуэ гъэщІэгъэн гуэрхэр а зэхуэсым хэтльэгъуащ.

ЯПЭРАУЭ, гурыІуэгъэщэкъым, пІальэ кІыхькІэ ар ягъэІэпхъуэныр ди республикІэ унафэщІыр абы хэтыным ехпахэ жаІэу щыщІатакІэ, зэІуцІэр ящыІэзыгъэпэщащэм ар кІратъэблэгъэныр щагъэхуэсфэмыкІар е щыхуущыхъэм щытрамыгъэхуар, ар къащемыхьулІэми, абы хэтыну зи пщІэ иральхьауэ щыта кІуркІыкъуІэ нэхъыщхьэхэр съездым кІыщІрымыхьэлар.

ЕтІуанэрауэ, нобэ зэхэзгъэкІжыгъуафІэкъым республикэм кІыщыщэкІ газетхэм а зэІуцІэр зэрекІуэкІами, абы кІыщащэсэлъми, унафэу кІыщащтами екІи фІыкІи зыри щІыхуэжамыІам и щхьэхуэсыгъуэр, пэжщ, зэманыфІ дэкІи нэужь, тхакІуэхэм я тхьэмадэу хахам и щІэ кІраІуащ.

Ещанэрауэ, тэмэму, кьеэзэфыщІауэ пхужьІэнукъым тхакІуэхэм я унафэщІэр а зэІуцІэм зэрыщІхьамихаэр, абы и зэранкІэ лажьи-хьати зимыІэ тхакІуэхэр псальэмакъ мышыухэм зэрыхагъэтэри.

Ахъшэ рауэрэ, зэІуцІэр кІыхьзыгъэпэщахэр нэсу егупсысауэ пхужьІэнукъым ар щекІуэжыну щІыпІэр кІыщІухахми. ФІы хуаІщІу, я щІыхь яІяу къащІыхьу а щхьэкІэ, зэІуцІэр щІэзэхэта пэщІэхуитльхуитІыщхуэр мылым хуэдэу щІыІэу кІыщІэкІащ. Сыхьэт зыІплІтхукІэ абы щІэса, зи ныбжь фІыуэ хэІуэта тхакІуэхэм апхуэдэ щІыІэр къатемыхьэльэ къэнакъым.

Къэбэрдей-Балькъэрым и тхакІуэхэм я тхьэмадэ Созаев Ахьмэт съездым щыжиІамэр адрейхэм абы кІыщапсэ лъамрэ тепщІыхьмэ, къэбэрдей, балькъэр литературэхэм нужь зэманым ехьулІэныгьэфІэкр зыІэрагъэхьащ, тхакІуэхэм я правлензми лэжьыгъэ куэд иригъэкІуэкІащ. Абы щхьэхэт текІуэу зи цІэ кьраІуаэхэри мащІэкъым: Къэбэрдей-Балькъэрыр Урысейм зэрыгухэрэ ильэс 450-рэ зэрыри-къум теухуауэ ирагъэкІуэкІа гуфІэгъэуэхэм жьыдэкъу зэрыхэтар, пІэпкъитІым я усыгъэм и антологиекъэ кІыхьэрыдагъэкІар, тхьылъджхэм куэдрэ зэрагуІар, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм тэмэму зэрадгІэпжьар... А ящІауэ жьхуаІэхэм тепщІыхьмэ, псори хьарзынэу, ди пІэнкъитІым я литературэхэм заужь у, аэр зыми хуэмыныкъ уэу, сыт и лъэныкъэ уІэм я Іуэху эзэпщІу кІыщІыжьыхьынкІэ Іэмал иІэкъым. Ауэ, ар пэжмэ, псори матэщІэдзаэу екІуэкІмэ, зэман лъапсэйр трагъэкІуадэу, сыт апхуэдизэ щІыхь щІыхьашэсари, тэмэму екІуэкІ Іуэхум псальэмакъ лейхэр щІыхуэгъэшари.

ЗэІуцІэм щыжиІахэмрэ ди литературэхэм нобэ я щытыкІэмрэ зыкІи пхуэзэхьэлІэркъым, аэр пхужьмыІэным хуэдизу зэпэжьжьэщ. Пэжыр жьпІэнмэ, ямыльагъу защІи, а Іуэр хьэлъэу сымаджэщ. Уи гур фІы ирипщІ хуэт абыхэм зы узыфэ фІыкІ кьемыфыкІтэмэ, а зым, уелІэлІапэмэ, хущхьуэгъэ гуэрхэр кІыхуэбгъэтынт, ауэ, япэ зи уэх уихьынр, бгъэхъужьынр умыщІэу, абыхэм узыфэ зэмылІэужьыгъуэ куэд яІэ. кьрытщ, зым нэхърэ адрейм нэхъ улІт уэзвыхьу. Аэр зыхуэдэр зэхъугъэкІынщ, хэмыужьынэн папщІэ, языхэзмэ хэкІыпІэ гуэрхэр кьахъгъуэтынырт а зэІуцІэм и кьалэн нэхъыщхьэу щытын хуеяр, аэр зэфІэха зэрыхъунм и гугъу сьездым щамыщІамэ.

Ди тхыгъэм кьеджэм кІыщыдгъэхуну дыхуейкъым ди литературэхэм япкърыт узхэм хущхьэгъуэ кьахуэгъуэтынымр ди пщІэ дэтлъхьэжуэ, а тІум я ныткІыжм адрехэм нэхъыфІу дыщыгъуаэзу зыкъэтлыытэжуи, абыхэм я пщэдейр тэмэму дубзыхуну ди щхьэкІэ яужь дихьауи. Зи Іуэху зетхуэнур нэгъуэщІу: ди литературэхэм кьеуэлІа узыфэхэр зыхуэдэр зэрытхуэзэфІэкІкІэ зэхэдгъэкІынырщ.

Ди льэпкъым и пщэдейм егупсыс дэтхэнэ зыри нобэ псом нэхърэ нэхъ зыгъэгуІэзэр арэдэлъхуабзэм и кьжьІэнурщ, абы и лъэр, ильэс кьэс жьыхуэІэм хуэдэу щІэхуурэ, ирэзэщІ ехьалэнэм кІэричурэ зэрыкІуэрщ. Дэтхэнэ льэпкъ литературэми и псэр анэдэлъхубзэрщ, ар Іэщіэкмэ, льэпкъым и кІуэдыр кІызыхьэкІэ аращ. Урысейм ис льэпкъ цІыкІ-хэм я бзэхэм кьалпІэм, я пщІдейм куэдри тетхьыхащ, нэхъыбзэкІи тепсэлъыхащ, ауэ абыхэм я щытыкІар маХуэ кьэс екІалкІуэ мыхьумэ, ефІакІуэу гъужьІэнкъым. Бзэр литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэу щыщыткІэ, тхакІуэхэм я зэІуцІэм а Іуэхур псом япэуи кьаІэтын, абы и хэкІыпІэ хьунухэр яубзыхун хуеящ.

Едгъэлейуэ, зэрыщымыт жьытІэу кьащхьхьыжькъым, ауэ зэрыхэлъбзэр хэку еджапІэхэм нобэкІэ нэсу щрагъэджьыркъым, курыт щІэнгъэ ябгъэдэлъу кьащхьхьужу абыхэм кьыщІэкІ куэдым дахэ-дахэу псэльэкІи, кьеджэкІи, тхэкІи ящІэркъым, кІэгъэзыхьмэ, абыхэм яхэпщ хьэрфэ щыгъэ фІэкІ кьемыджкэф. Абы и щыІуэкІІэ, ди льэпкъ литературэм щыгъуазэхэр зэпщІыкІыу ильэс кьэс нэхъ мащІэ мэхъу, ди щІыхьэр унагъуэм, уэрамкэм нэхьыбЗэм зэрыщыгъэсасьэр хамэбзэщ, анэдэлъхубзэм апхуэдизу нэмыплІ ядот дыщыужащи, Дяпэки апхуэдэу Іуэхур екІуэкІмэ, ди литературэм еджэн дэнэ кьэна, анэдэлъхубзэм ирипсэльэн дымыгьэуІэтыжу дыкъэнэжІэ щынагъуэ щыІэщ.

Литературэр Іэщіагъэ зыхуэхьуахэрщ, псальэм ирилажьэхэрщ анэдэлъхубзэм и кьуелэгьнэсу щыщІэкІэ, ауэ Іэкіуелькъуэу кьэзыгъэсэбэпхэри. Апхуэдэу щыщкІэкІ, абыхэм я тхьгъэрщ бзэм и зэфІэкІр, и щхьгъуэ абыхэм я Іэдакъэщ щІыхь, я щІыхь-гъэрщ, ауэ Іэкіуелькъуэ, я щхьгъуэ щІыгъуэ адыгъэ тхакІуэхэм я щІыгъуэ зэрагъэхуэ, абы и льэныкъуэкІи литературэм кьалэн тельыдджэхэр егъэзэщІу, Аращ зы льэпкъым и гущІи, абы и закъуэ щыпІыльагъунри тэмэмкъым. Абыхэм яхэткъым зи бзэр фІыуэ зыІмыльагъуж, абы и екъуІэныгьэхэр зи жагъэ. Іуэхур здэщыІэр абыхэм я Іэдакъэщ зэІкІэр адыгэ тхьылъеджэхэм я деж дахэ-дахэу зэрынэмысырщ, тхакІуэхэм я псальэ тхьылъеджэхэм щІэхьыгъэ зэрызэхамысырщ. Ди цІыхухэм хуабжьу кьомэщІэ я анэдэлъхубзэр фІыуэ езыгъэльагъун, фІыуэ езыгъэщІэн тхьылъхэр. Апхуэдэхэр зэрэмыкІэзэщ кьыІэзэфІэкІыр. Іыхуу хьищІ щІигъу адыгэ тхакІуэхэм я зыхьэхэм и тхьылыр дунейм кьызэрыгъэтехьэр ильэсипщІым зэщ, кьыдэкІыпэми, абыхэм я бжьгъэр льэдэгъэуэдахэщ: 500- 800 хьуэ аращ. Мелуан ныкъуэм нэс ди льэпкъым дежкІэ ар пхужьмыІэну ящащІ. Хэку зауэщхэм и пэкІэ, цІыху бжьгъэкІэ куэдкІэ нэхъ мащІэу дыщыта пэтми, ди деж кьыщыдэжьІ тхьылъхэм я тиражыр 3000 - 5000 -м зэрыкІэхьэсу щытащ. Тхьылъ кьыщыдэбгъэкІэ, ар тхьылъеджэ кьызэрыгуэкІыжьмиІэным и мызакъуэу, дэтхэнэ зы тхьылъри кьуажэ, еджапІэ библиотекэ-хэм щІэльын хуейщ, гуэкьыдэж зыщІ дэтхэнэ зыми зыхуеят тхьылъым щыгъуазэ зыхуэщІыфІмэ хуэзэу. Нобэ фІыщ щыгъуейщ нужь льэпсэхэм кьыдэкІа тхьылъхэр библиотекэхэм тыншу кьыщыбгъуэ тыну, куэд щІауэ кьыдэкІахэм ящыщу кьызэтенаэхэм я гугъу умыщІми. Апхуэдэу еджапІэхэм папщІэ пІальэ-пІальэкІэрэ кьыдагъэкІыу щыта тхьылъхэр кьаззэрыІэрымыхьэжьмэ егъэджакІуэхэмэ еджакІуэмэ я Іуэхур нэхьри нэхь хьэльэж ящІ.

АнэдэлъхубзэкІэ кьыдэкІ тхьылъ мащІэхэм я кьэлъыхуэным бэлъыхьэр тхьылъеджэ, пхужьмыІэну я уасэм зэрыхэхьуам и гугъу умыщІыхьэми. Ахэр кьалэм зыгуэрурэ кьыщыпхуэгъэтэ уи насыпщ, ауэ ди цІыхухэм я нэхьыбэр зыщыпсэу кьуажэхэм я нэсыркъым. Нэхьапэхэм дэтхэнэ кьуажэ тыкуэмки ди деж кьыщыдэкІ тхьылъхэр щащІу щытамэ, иджы абыхэм льыхьуэр кьалэм кьэкІу эн хуей мэхъу. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 20-нэ гъэхэм Щоджэнцыкіу Алий и «ОНО» усэм зи гугъу щищІа насыпыншагъэм - сабийхэм «тхьылъыщІагъэм лей ирикъым» - ди зэманым ирикъ-зэкІуэ я ежьыпщхэу. Анэдэлъхубзэ тхьылъ емыцІэкІ щІэблэм кьызыхэкІа льэпкъым и бзэр фІыуэ ильагъункІи, кІууэ хуэзэщэнкІи Іэмал иІэкъым. Ар ди бзэм и зыужьныгьэр зэтезыльыгъэхэм щыщу зыщ.

Псоми зэращІэщи, нобэ мылъку уиІэмэ, ахьшэ уи куэдмэ, уэзыхуей тхьылыр кьыпхуэдэгъэкІыну. Ауэ, Іэнатіэ зыриз Іуту лагъэ пэтми, ди тхакІуэхэм я нэхьыбапІэм я тхьылъеджэхэм я бзэр гъэкІын мылъку кІэльэдэлъхьэм. Абы кьыхэкІкІэ, кьэрал мылькукІэ кьыдагъэкІ тхьылъхэр хабзэ бдыдэм тету кьыдэгъэкІын хуейщ, абы нэфІ-ней хэпльхьэнщ, ар зым и унафэкІэ блэжькІыныр кьеІэзэгъэнщ.

ТхьэмыщкІэм тхьэр хуэпьэщ зэрыжиІэу, ижь зэманкІэм льэпкъ мащІэхэм я литературэхэм нэгъуэщІ зы гъэзэжгъуэ кьалыкьуэкІащ: ди бзэр фІыуэ зэрэщІмылъагъэкІым, нэсу бзыдмыщІэм и зэранкІэ, кьыштщІэхьуэ щэхуэфІэкІ ящыщ куэдым хамэбзэкІэ тхэуэ щІадзащ. Дауи, кьеззэгъыркъым тхакІуэм уэзэрытхэну бзэр мыращ жьпІэу пэбубыдыныр, ауэ льэпкъ мащІэхэм я литературэхэр абы Іэнатіэ гугъу зэрыбгъэдигъэувам, абыхэм я пщэдейр нэхъри нэхъ хэпльэгъуэ зэрыхьуам ари и зы нэщэнэ белджьылыщ. Чрысыбзэм иритхэм зэрыжьаІэу, ижь зэманкІэм льэпкъым и кІуэдыр кьызыхэхІыр зэращ. Урысейм ис льэпкъ цІыкІ-хэм я бзэхэм кьалпІэм, я пщІдейм куэдри тетхьыхащ, нэхъыбзэкІи тепсэлъыхащ, ауэ абыхэм я щытыкІар маХуэ кьэс екІалкІуэ мыхьумэ, ефІакІуэу гъужьІэнкъым. Бзэр литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэу щыщыткІэ, тхакІуэхэм я зэІуцІэм а Іуэхур псом япэуи кьаІэтын, абы и хэкІыпІэ хьунухэр яубзыхун хуеящ.

Ауэ ар зыгъэпІейтейкэ зыгъэльэгъуныем иджыкІэ тегушхуащэркъым, гурыщІэжьыгъэкІ ящыІэуэтэнын зыдрагъэхьэж, абы щхьэпрыкІыфІрыкъым. Іутыик Борис и усэ тхьылъ «ГущІагъэ щэнъ хэмрэ» Бэгаты Любэ и «Гущэнэмрэ» фІэкІ гу зылъыптэн, уи нэм кьыфІэнэн иужь ильэсхэм усыгъэм кьыхьыхьажьмэ, зи хьэтІ ззэзыгъэпщІащ, зи льагъэ кьэзыгъэуэтыжа усакІуэ нэхъ щІалэхэр дИ Іэтім (Уэрдзэй Афлик, Адыгэ Руслан, Биц Анатолэ, Мыкъужь Анатолэ, Кьаныкьуэ Заринэ).

Арыншами мытынш ди гъащІэр дунейпсо кризисым нэхъри иужь кьэдмытупсыми, жьыІэпхъэщ ар нэхъыбэу тхакІуэ-усакІуэхэм я щхьэщІэгупсыс щІа цІыхухэр зэрыІуэрэ Афлик, Адыгэ Руслан, Биц Анатолэ, Мыкъужь Анатолэ, Кьаныкьуэ Заринэ).

Арыншами мытынш ди гъащІэр дунейпсо кризисым нэхъри иужь кьэдмытупсыми, жьыІэпхъэщ ар нэхъыбэу тхакІуэ-усакІуэхэм я щхьэщІэгупсыс щІа цІыхухэр зэрыІуэрэ ильэсыбзэ ирипсэльэн. Абы и щхьэкІэ ар ящІ. Ауэ ар тхэнри ІэмІ ящІ. Ауэ ар ящІ, ауэ ар и деж ар ящІ. Ауэ ар тхэнри ІэмІ ящІ. Ауэ ар тхэнри ІэмІ ящІ. Ауэ ар и деж ар

Фан-клубхэм я зэхьхьэ



● Футбол

Мэкъуауэгъуэм и 19-м «Синдикс» интур хъщIэщым щекIуэкIащ Урыс Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щыджэгу командхэм я фанат клубхэм я «стIол хьурей». ЭЗуцIэм кьрихьэлащ РФПЛ-м и президент Прядкин Сергей, Урыс футбол зэгухьанымкIэ и генеральнэ директорым и кьуэдзэ Куликов Сергей, Командхэм кьыдэщIхэм я урысейпсо зэгухьанымкIэм и унафэщI Шпрыгин Александр, «Спартак-Налшыкымэ» и директорхэм я советым и унафэщI Былымгъуэт Анзор, хабзэхьумэ IуэхущIапIэхэм я дежкIуэхэр.

«СТIОЛ ХЪУРЕЙМ» къыщаIэта псалъэмакъ нэхъ щхьэпэхэм ящыщщ къэралым ис футболеплъхэм я зэхуакъ зэгурыIуэныгъэ дэлъыныр, зэIущIэхэр щекIуэжкIм и деж стадионым кьекIуэлаIэхэм хабзэм кьемыгъэ IуэхущапсихэмкIэ я командэм и напэр трамыхыныр, нэгъуэщIхэри.

- Урысейм и фанат зэгухьанымгъэхэм иджыпсту кьаруушхуэ яIэ хьуад, кIуэ пэтми абыхэм я хьэл-щэнри нэхъ иофIакIуэ, - жиIащ зэIущIэр къызIуэныха Прядкин Сергей. - Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, псори апхуэдэкъым, абыхэм яхэтщ командхэм къуэды кьыгъалъхьэмэ, щIэпхъаджагъэ гуэр яIэжмэ нэхъ къэзыщтэ цIыху закъуэтIакъуэхэри. Мис апхуэдэ кьэхъукъащIэхэр дгъэкIуэдын, е нэхъ мащIэ тщIын щхьэкIэ мы зэIущIэр едгъэкIуэжыну кьыхэтлъхьащ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, къэралым и командэ нэхъыфI 16-м кьыдэщI гупхэми ар кьыддаIыгъащ. Илъэс кьакIуэ премьер-гупым хуабжу хущIэжу Осетие Ищхъэрэм и «Алание»-м и лIыкIуэхэри кьедгъэблэгъат, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм я зэранкIэ ахэр нобэ ди зэIущIэм кьрихьэлIафакъым.

Адэжкэ псалъэмакъым кьыщащI Шпрыгин Александр Абы кьыхигъащащ 2009 гъэ джэгугъуэм и еТуанэ Iыхьэм щыщIидзэжьм ирихьэлIэу стадионым кьекIуалIэхэм щхьэкIэ щыIэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ щыбжанэхэр халъхьэну зэрамурадыр. «А Iуэхум ехьэлIа тхьылымпIэхэр УФ-м и МВД-м и унафэщI Нургалиев Рашид и деж щIэлъ, щытыкIэм щыгъуазэ зищIмэ, Iэ кьытридзэн хуейу», - жиIащ Шпрыгиным.

Стадионхэм кьыщыфIадзэ баннерхэм кьытеувыIащ Прядкиныр: «Баннерхэр командэм кьыдэщIхэм я Iэмэпсымэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Дэ дыуейгъуэм стадионым исым ахэр кьагъэсэбэпын щагъэтыжыну, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псалъэ мыщхьэпэ куэд абыхэм тезытхэхэри мащIэкъыми, абыи унафэ пыухыкIа тедмыщIыхьу хьункъым». Псалъэмакъым кьыдэщI, абы кьыкIэрыщащ Мэкъуу и «Спартак»-м «Спартак-Налшыкымрэ» Кьэзан и «Рубин»-мрэ драгьэкIуэкIа зэIущIэхэм мэкъуудэсэхэм кьыдэщIхэм ящыщу баннер мыхъумыщIэхэр кьэзыIэтэхэр кьыхэраплъхьэр. «Абыхэм я цIэ-унэцIэхэр наIуэ кьэтщIащ икIи жэуапым етшэлIэнуу», - жиIащ РФПЛ-м и президентым.

Командхэм кьыдэщIхэм я урысейпсо зэгухьанымгъэм и унафэщI Шпрыгин Александр жиIащ: «ТIанэ гъэ кьыщыщIдзэхэм я зэгухьанымгъэм и лIыкIуэхэр зэрыщыIэнур. Футбол командхэм я гукъеуэхэр утыку кьаралхъэу зэпкъраха ноужь, хабзэ яхэлъу дгъэхъуэ зэIущIэмэ я командхэм щыдэщIыну фан-клубхэм я лIыкIуэхэм Iэ тридзащ.

«СтIол хьурейм» кьрихьэлIа хэм кьыхалхъьащ мыпхуэдэ зэIущIэхэр илъэсым зэ ноэ мыхъуми ирагъэкIыкIыну.

● Дэ кьытхуатх

Унагъуэ хъуэпсэгъуэ

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэ мыгъуэжьым и мафIэ лыгъэр зыIупсмIэса унагъуэ куэд щыIэу кьыщIэкIынкьым. Мы тхыгъэмкIэ фэзгъэщIыхуну сыхуейт апхуэдэ зы унагъуэ - ХьэтIохьущыкьуей кьуажэм щыщ Къэнэмэт Мухьэжид еIр.

МУХЬЭЖИД 1908 гъэм кьалъхуащ. Ар зауэм щраджам унагъуэ хъуагъэхъэу бынищи иIэт - щIалитIрэ зы хьыджэбэ цыкIуэр. Жангулэ (и щхьэгъуэсэр) щыгугъащ Мухьэжид кьиIгъэзэжу я бынищыр зэдапIыкьыну, гъащIэ дах э, IэфI кьыздэлъэщIну, ауэ и гугъэр нэгъщI хьуащ. 1943 гъэм унагъуэм хьыбар гуIэгъуэ кьаIэрыхьащ лIыр, адэр зауэм зэрыхэкIуэдамкIэ.

Абы щыгъуэ унагъуэм сабийуэ исхэм я нэхъыжь щалэр цыкIуэр - Эрэдин - илъэсэ 8 хьууэ арат. Дэтхэнэ фызабэми хуэдэу, Жангулэ унагъуэр зыхуей хуиГъэзэну и пщ кьыздэхуащ. Сыт хуэдэ гугъуехь абы кьыхухьуэмыкIами, шынакьым, сабийхэр егъэджэн хуейти, кьикIуэт ищIакъым. НэхъыщхьитIым хуэмыдэу, нэхъыжькъым зыхищIэрт икIи илъагъурт анэм дэIэпыкъун зэрыхуейр. Арати, ебланэ классыр кьиуха нэужь, анэм фIэмыфIми, школыр кьегъанэри, колхозым хохьэ. Балигъ мыхъупа апхуэдэ щалэ цыкIуэхэр вэгъуэм дежь выщхьэтесу, мэкъуауэгъуэм Iэнащтэу, хэти пщафэм и дэIэпыкъуэгъуэ кьагъэсэбэпыр т Эрэдин нэхъыжькъэм жаIэр тIу ищIынт экъым, зэпIэзэрыгт Iэдэбт, псалъэрейтэкъым